# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–06 फरवरी 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ क अध्यक्षता में काल्हि संझा भइल मंत्रिपरिषद क बइठकी में इग्यारह महत्वपूर्ण प्रस्तावन के मंजूरी दीहल गइल। लखनऊ के लोकभवन में आयोजित पत्रकार वार्ता के दौरान प्रदेस सरकार में वित्त अउर संसदीय कार्य मंत्री सुरेश खन्ना आजु येह फैसिलन क जनकारी दिहलें। उहां के बतवलीं कि कैबिनेट  जल परिवहन अउर जल पर्यटन के विकसित करे बदे उत्तर प्रदेस अन्तर्देसीय जलमार्ग प्राधिकरण क गठन के मंजूरी दे दिहले हौ। एके चलवले के नियमावलियो के मंजूरी दिहले हौ। मंत्रिपरिषद बरिस दुइ हजार पचीस–छब्बीस क आबकारी नीतियो के मंजूरी दीहल गइल हौ। येह नीति के तहत सराब के दोकानिन क लाइसेंस अब ई लॉटरी के जरिया से कइल जाई। प्रदेस क प्राचीन धरोहरन के पब्लिक प्राइबेट पार्टनरसिप मॉडल पर विकसित कइलहू क मंजूरी मिलल हौ।

***प्रदेश के प्राचीन धरोहरों, बंगलों, हेरिटेड्ज, बिल्डिंग्स को अनुकूलित एवं उपयोग एडॉप्टियूव रियूज के अंतर्गत सार्वजनिक–निजी सहभागिता मॉडल पर हेरिटेड्ज पर्यटन इकाइयों के रूप में विकसित किये जाने के सम्बन्ध में इसको भी मंत्रिपरिषद से ओके कर दिया।***

यूपी एक सौ बारह क चारि सौ ओनहत्तर पुरान गाड़ियन के जगहि पर नया गाड़ियन क खरीदारियो के मंजूरी दीहल गइल हौ।

श्री खन्ना बतवलें कि डिजिटल लर्निंग के बढ़ावा देवे बदे सिक्षकन के टैबलेट दिहले क फैसिला लिहल गइल हौ। सथहीं लखनऊ के किंग जार्ज मेडिकल विश्वविद्यालय में पांच सौ बेड क ट्रामा सेंटर के बिस्तारो के मंजूरी मिलल हौ। श्री खन्ना बतवलें कि यूपी विधानमंडल क बजट सत्र अठारह फरौरी से सुरू कइलहू पर मंत्रिपरिषद सहमति दिहले हौ।

**********

प्रयागराज महाकुंभ में नहाये बदे देस–बिदेस से सरधालुअन के अइले क सिलसिला जारी हौ। तेरह जनौरी से अबले ओन्तालीस करोड़ से बेसी सरधालु पवित्र संगम में डुबकी लगा चुकल हवें। केन्द्रीय मंत्री श्रीपद नाइको आजु त्रिवेणी संगम में नइहलें। उहां के कहलीं कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के अगुआई में महाकुंभ क आयोजन अपने आप में एगो मिसाल हौ। ई आयोजन भारतीय संस्कृति अउर सनातन परम्परा क दिव्यता के दरसावे ला। हरियाणा क मुख्यमंत्री नायब सिंह सैनियो अपने परिवार के साथे आजु पवित्र त्रिवेणी संगम में नहइलें। उहां के कहलीं कि महाकुंभ हमरे आस्था अउर संस्कृति से लाखों बरिस से जुड़ल हवे। ई सनातन क ऊ केन्द्र हौ जहवां लोगि सरधा के साथे त्रिवेणी में आ के डुबकी लगावे लें। ओहीं महाकुंभ में हिस्सा लेवे पहुंचल मणिपुर क मुख्यमंत्री एन बीरेन सिंह कहलें कि महाकुंभ खाली एगो मेला नाहीं हौ बलुक भारतीय संस्कृति अउर आस्था क महान संगम हौ।

**********

बिरसा मुंडा क एक सौ पचासवीं जयंती के मौका पर बरिस दुइ हजार पचीस के देस में जनजातीय गौरव बरिस घोसित कइल गइल हौ। एहमें पांच दिन खातिर जनजातीय सांस्कृतिक समागम क आयोजन कइल जा रहल हौ। येह समागम के दौरान प्रयागराज महाकुंभ में आजु युवा कुंभ क उद्घाटन केन्द्र सरकार में जनजातीय राज्य मंत्री दुर्गादास उइके कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि दुनिया में जेतना बदलाव भइल हौ ऊ नौजवानन के नाते भइल हौ। उहां के नौजवानन से अनुरोध कइलें कि बिकसित भारत बनवले के दिसा में काम करें।

***ये परदे के पीछे से जो समाज को दिग्भ्रमित करने वाली राष्ट्र, धर्म, संस्कृयति विरोधी शक्तियां हैं और उनको पहचानने की आवश्य कता है, पहचान कर हमको सामाजिक समरसता और राष्ट्र की एकता, अखंडता के लिए हमको सामूहिक रूप से अपने विकसित राष्ट्रे बनाने की दिशा में हमें प्रयत्न करने की आवश्यकता है।***

युवा कुंभ में देस भर से आठ हजार आदिवासी नौजवान प्रतिभागी हवें। येह कार्यक्रम के दौरान सज्जो जनजातीय नौजवानन जनजातीय संस्कृति अउर परम्परा के संरक्षित कइले क संकलपो लिहलें।

**********

महाकुंभ हादसा क न्यायिक जांचि बदे गठित तीनि सदस्यीय न्यायिक आयोग घटना के बारे में लोगिन से जनकारी मंगले हौ। आयोग की ओरि से कइल जा रहल येह जांचि के दौरान सपथ पत्र के साथे कउनों मनई आपन बेयान दरज करवा सके ला। आयोग के मोबाइल नम्बर सुन्न पांच दुइ दुइ दुइ छौ एक तीनि पांच छौ आठ पर चाहे ईमेल आईडी महाकुंभकमीसन एट द रेट जीमेल डॉट कॉम पर जनकारी दीहल जा सके ला। लखनऊ के जहरतगंज के विकास भवन के पहिला तल्ला पर कमना नम्बर एक सौ आठ में बनल आयोग क दफ्तर में सपथ पत्र के साथे बयान दरज करावल जा सके ला। मौनी अमौसा के दिन्ने सत्ताइस जनौरी के एगो दुखद घटना में तीस सरधालुअन क मउति हो गइल रहे जबकि साठ से बेसी सरधालु घाही हो गइल रहलें।

**********

बनारस जिला के राजा तालाब थान्हा इलाका में बीरभानपुर हनुमान मंदिर के लग्गे महाकुंभ नहा के लवटि रहल सरधालुअन क कार आजु भिन्नहीं सड़कि पर खड़ा बस से लड़ि गइल। येह दुरघटना में दुइ जने क मउति हो गइल जबकि तीनि जने अउरियो घाही हो गइलें। ई सज्जो सरधालु महाकुंभ से लवटि के काशी विश्वनाथ क दरसन करे जात रहलें।

**********

मौसम विज्ञान विभाग पूरबी उत्तर प्रदेस में अगिला दुइ दिन ले मौसम सुस्क रहले के सथहीं तेज सतही बेयारि चलले क सम्भावना जतवले हौ। येह बिच्चे, गोरखपुर अउर एकरे लग्गे के जिलन में आजु दिन में हल्लुकाहे घाम निकरल बाकिर बेयारि के नाते लोगि ठंडी क एहसास कइलें।

**********